

**PURIK SAJRONE CERBUNG OMAH ANGGITANE WIDODO BASUKI
(TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

Nabella Intan Permatasari, Drs. Bambang Purnomo, M.S

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

nabella.intan8@gmail.com

Abstrak

Cerita sambung *Omah* anggitane Widodo Basuki nyritakake lelakone Rahina, guru honorer ing sawijining SD swasta, kang manggon neng omah kontrakan. Rahina kepengin duwe omah dhewe, banjur dheweke golek samben kanggo nyukupi kebutuhane, nganti direwangi dadi makelar. Pepenginane Rahina kuwi nuwuhake perkara ing bale wismane nganti njalari purike paraga wanita.

Adhedhasar landhesan panliten kasebut, underane panliten iki yaiku; 1) kepriye paraga lan pamaragan ing cerbung *Omah*; 2) kepriye gegambarane purik sajrone cerbung *Omah* lan 3) kepriye gegayutane purik ing cerbung *Omah* karo kanyatan ing bebrayan. Adhedhasar underane panliten kasebut, mula tujuwane panliten yaiku; 1) ngandharake paraga lan pamaragan ing cerbung *Omah*; 2) ngandharake gegambarane purik sajrone cerbung *Omah* lan 3) ngandharake gegayutane purik ing cerbung *Omah* karo kanyatan ing bebrayan. Saka andharan mau, cerbung *Omah* cocog yen dianalisis nganggo tintingan Sosiologi Sastra.

Panliten iki kalebu panliten deskriptif kualitatif. Sumber dhata arupa dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer arupa cerbung *Omah* lan dhata sekunder arupa buku literatur lan artikel-artikel saka koran lan internet. Tata cara sajrone nglumpukake dhata nggunakake metode kapustakan sarta teknik maca lan nyathet. Panliten uga iki nggunakake teknik analisis deskriptif.

Asile panliten kapisan ngenani paraga lan pamaragan. Paraga utama ana telu yaiku Rahina, Andarini lan Suryarini. Paraga liyane dadi paraga tambahan. Teknik panggambarane paraga kanthi teknik analitik lan teknik dramatik. Uderan kapindho ngenani gegambarane purik sajrone cerbung *Omah* kang diperang dadi telu ing antarane; 1) wujud purik kang bisa diperang dadi lunga mung ninggal pesen lan lunga nggawa anak; 2) pawadane tumindak purik diperang dadi telu yaiku butarepan, kurange kawigaten, lan lara ati klawan tumindake sisihane. Saka pawadan-pawadan tumindak purik kuwi bisa nuwuhake rasa mutunge wanita, nesu lan sengol; 3) cara ngrampungake perkara purik ana telu yaiku kanthi cara menahi pangerten, mapag lan sadhar. Dene underane sing pungkasan yaiku gegayutane purik ing cerbung *Omah* lan kanyatan ing bebrayan ana loro. Bab iku bisa dideleng saka; 1) pawadane tumindak purike wanita sajrone cerbung *Omah* lan kanyatan ing bebrayan; 2) cara ngrampungake perkara purik wanita sajrone cerbung *Omah* lan kanyatan ing bebrayan. Saka rong perangan mau pranyata pawadan lan cara mungkasi perkara purik sajrone cerbung *Omah* lan sing ana ing kanyatan bebrayan nduweni bab sing meh padha.

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Sastra mujudake asil karya saka kreatifitas manungsa, kang nduweni sipat estetik utawa kaendahan. Sastra bisa uga diarani reiptan imajinatif kang ngener marang fiksi lan non-fiksi. Anane sastra ora bisa uwal saka panguripane masyarakat. Lumantar sastra, pangripta minangka perangan saka masyarakat ngripta sastra digayutake karo kahanan sakiwa tengene pangripta lan pengalamane urip. Pengalaman saka pangripta kasebut banjur diwujudkan dadi sawijine produk seni kang sinebut karya sastra.

Jinis-jinise karya sastra modern akeh banget, kayata novel, cerbung, cerkak, roman, lan liya-liyane. Cerbung minangka salah sawijine genre sastra Jawa Modern, kang nggambarake panguripan lan maneka perkara sajrone panguripane bebrayan. Cerbung minangka reiptane pangripta asring ngandharake perkara-perkara sosial kang ana ing realitas panguripane masyarakat kayata ngenani religi, adat istiadat, budaya, kapitayan, lan akeh liyane. Perkara sosial mau kang ndadekake punjer sajrone ngandharake sawijine crita utawa lelakon. Saka perkara kasebut, pangripta melu

ngrasakake maneka problem ing bebrayan banjur diandharake lumantar fiksi kang adhedhasar pamawase.

Widodo Basuki kalebu pangripta sastra Jawa modern sing produktif. Rasa kuwatire Widodo marang eksistensi sastra Jawa kang dianggep masyarakat mung perangan saka sastra Indonesia, ndadekake Widodo Basuki produktif sajrone ngripta karya sastra Jawa sing nduweni kualitas. Bab iki bisa dideleng saka akehe karya-karyane Widodo Basuki sing wis diripta, lan kamot ing kalawarti kayata *Jayabaya* lan *Panjebar Semangat*. Karya-karyane arupa geguritan, cerkak, naskah drama, wacan bocah, cerbung, crita wayang, artikel sastra, lan akeh liyane. Asil karyane Widodo Basuki akeh nengenake perkara-perkara sing gegagutan karo pengalaman urip. Perkara-perkara kasebut wujud gegambarane sosial sing kedaden ana ing bebrayan. Salah sawijine ngenani panguripane wong bale wisma.

Cerbung *Omah* anggitane Widodo Basuki iki kalebu cerbung sing lawas, amarga kapacak ing taun 1996 saka kalawarti *Jayabaya*. Cerbung kanthi irah-irahan *Omah* iki nyritakake lelakone Rahina, guru honorer ing sawijining SD swasta, sing urip reroyongan bareng lan sisihane Andarini, kang wis panutan anak siji

aran Dhenok, sing sasuwene iku tansah manggon neng omah kontrakan. Kaya umume wong bebrayan, Rahina dalah keluwargane uga pengin urip murwat. Kedereng anggane enggal kepengin duwe omah dhewe, guru lugu iku kepeksa kudu mobat-mabit golek samben kanggo nyukupi kebutuhane, nganti direwangi dadi makelar. Ora dinyana anggane dheweke nyambi supaya bisa oleh tambahan penghasilan, nuwuhake perkara sajrone bale wismane.

Cerbung *Omah* iki nduweni bab-bab kang linuwih dibandingake cerbung liyane. Kaluwihan cerbung iki bisa dideleng saka critane kang disuguhake kanthi basa sing gampang dipahami lan dimangerteni. Panggonan-panggonan kang dadi settinge crita ana ing kanyatan saengga pamaos bisa ngerteni kanthi gamblang. Kejaba kuwi, critane ngandhut unsur katresnan, pendhidhikan, perjuangan, lan kesusahan (sedhik) kang nambah apike cerbung *Omah*. Kejaba patang bab kasebut, ana perangan sing paling onjo yaiku sebab-sebab saka paraga-paraga kang nuwuhake prekara nganti njalari purike salah sawijine paraga ing bale wisma sajrone cerbung *Omah*.

Purik utawa ing basa Sunda 'pundung' yen kanggo bocah cilik nduweni teges rewel, lan nangis njenginging. Purik yen kanggo wong diwasa nduweni teges mutung, nesu, lan lunga ninggalake omah banjur mulih menyang omahe wong tuwane yen pawongan kasebut wis omah-omah. Akeh pawadan kang njalari pawongan kuwi purik ing bale wisma. Tukar padu klawan sisihane lumrahe dadi faktor kang paling onjo. Pawadan lunga ninggalake omah pancen bisa maneka warna faktore. Ora tahan ngadhepi kanyatan saengga perlu 'nyingkiri' luwih dhisik, utawa pengin ngadoh supaya bisa mikir kanthi wening lan akeh liyane. Purik ora mung identik karo kaum wanita, nanging priya uga ana sing nglakoni purik.

Tumindak purik iki dadi perkara sosial ing bebrayan mligine ing panguripane bale wisma. Fenomena tumindak purik kuwi kerep ditindakake wanita sing ngrasa dikuciwani dening sisihane. Ora mung ing kanyatan wae, pranyata perkara sosial tumindak purik uga ana ing karya sastra kayata sajrone cerbung.

Purik sajrone cerbung *Omah*, salah sawijine bisa dideleng saka tumindake paraga Andarini sing ninggalake Rahina menyang omahe wong tuwane ing Munjungan. Purike Andarini disebabake ora tahan karo panyakrabawane tangga teparo sing seneng ngunem sisihane. Andarini purik mung ninggal layang sasuwek kang dideleh ing meja makan.

Widodo Basuki minangka pangripta kanthi apik menahi panggambaraning kahanan nyata tumindak purik ing bale wisma tumrap pamaose. Anggane Widodo Basuki ngripta cerbung *Omah* kang ngandhut tumindak purik iki menawa pangripta tau ngalami kanthi langsung perkara kasebut.

Purik ing bale wisma dhewe kalebu ing perkara sosial ing masyarakat. Bab kuwi cundhuk karo aspek-aspek sosiologi kang nyinaoni panguripan ing bebrayan kanthi objeke masyarakat. Saka andharan mau, cerbung *Omah* cocog yen dianalisis nganggo teori Sosiologi Sastra. Miturut Sunarto (2011: 18) sosiologi sastra yaiku

ilmu kang nyinaoni bab panguripan masyarakat kang asipat *kritis*, *skeptis* lan *sistematis*. Ilmu kasebut nlinti struktur manungsa ing donyane sosial. Cundhuk karo andharan mau, irah-irahan sajrone panliten kang arep diteliti yaiku *Purik ing Bale Wisma sajrone Cerbung Omah anggitané Widodo Basuki (Tintingan Sosiologi Sastra)*.

Underane Panliten

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuan panliten kaya ing ngisor iki :

- 1) Kepriye paraga lan pamragane ing cerbung *Omah*?
- 2) Kepriye gegambaran purik sajrone cerbung *Omah* ?
- 3) Kepriye gegayutane purik ing cerbung *Omah* karo kanyatan ing bebrayan ?

Ancase Panliten

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuan panliten kaya ing ngisor iki :

- 1) Ngandharake paraga lan pamragan ing cerbung *Omah*.
- 2) Ngandharake gegambaran purik sajrone cerbung *Omah*.
- 3) Ngandharake gegayutane purik ing cerbung *Omah* karo kanyatan ing bebrayan.

Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni paedah kang diajab bisa ana gunane kaya ing ngisor iki :

- 1) Pamaos Sajrone panliten iki bisa nambahi kawruh lan pamawas ngenani babagan analisis karya sastra, supaya mangerteni menawa kritik teks tumrap sastra bisa disinaoni kanthi nggunakake tintingan Sosiologi Sastra. Tumrap pamaos uga bisa didadekake bandhingan kanggo nulis panliten-panliten sastra liyane.

- 2) Piwulangan Sastra

Ing kene uga ana paedah kanggo piwulangan sastra, mligine kanggo para Mahasiswa. Kaajab bisa migunani kanggo panliten sing sabanjure. Bisa nambah krenteg kanggo mahasiswa kang arep nindakake panliten karya sastra.

Wewatesane Istilah

Supaya ora ana salah pangerten lan supaya kabeh pihak nduweni konsep kang padha ngenani istilah kang digunakake ing sajrone panliten iki, ing ngisor iki bakal dijlentrehake istilah-istilah kang ana gegayutan karo irah-irahan yaiku :

- 1) Purik

Lunga saka anggane bojone menyang omahe wong tuwane merga pasulayan (Poerwadarminto, 1939: 504).

- 2) Bale Wisma

Kumpulane manungsa kang kaaket anane sesambungan palakrama, manungsa siji karo manungsa liyane bisa sesambungan, lan sesrawungan kanthi terus tanpa wates (Sarwana, 1991: 12).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Purik

Purik minangka istilah Jawa kang nduweni teges lunga saka panggane bojone (wong tuwane) merga pasulayan (Poerwadarminto, 1939: 504). Bab iku uga

disengkuyung dening pamawase Sudarmanto (2012: 263) kang ngandharake yen purik ateges ninggalake bojone amarga tukar padu.

Bale Wisma

Bale wisma yaiku kumpulane manungsa kang kaaiket anane sesambungan palakrama, manungsa siji karo manungsa liyane bisa sesambungan, lan sesrawungan tanpa wates. Sesambungan iki mujudake sawijine panggon kang tuwuh supaya tansah tulung tinulung, tansah menahi rasa katresnan, lan tansah aweh pangayoman (Sarwana, 1991: 12).

Problem Kaluwarga

Sajrone panguripan bale wisma, pasangan lumrahe nemoni problem-problem kang ora bisa disingkiri. Problem kasebut bisa kedaden amarga anane unsur utawa aturan-aturan tartamtu kang wis ora nduweni fungsi kaya samesthine. Akibat saka problem kang dumadi nuwuhake rasa kuciwa lan rasa keduwung ing anggota kaluwarga. Problem sosial ing bale wisma bisa diklasifikasikake adhedhasar faktor ekonomi, faktor biologis lan faktor psikologi (Segar, 2013: blogspot.com)

Problem kaluwarga mujudake sawijine kahanan kang ora stabil ing panguripan bale wisma. Bab iku jalaran ora ana komunikasi sing becik antarane priya lan wanita. Problem kaluwarga samesthine dikomunikasikake lan dirampungake dening kaluwarga iku dhewe. Pihak liya ora antuk cawe-cawe sajrone problem kasebut (problem.singkatpadat.com)

Pamarekan Struktural

Sajrone panliten karya sastra, pamarekan struktural mujudake pamarekan sing kawiwitan lan struktural ora bisa ditinggalake dening panliten karya sastra. Teeuw (1988:135) ngandharake yen pamarekan struktural ditujokake kanggo nintingi karya sastra kanthi detail, tliti, lan premati, saengga panliti bisa ngerteni makna karya sastra kanthi sawutuhe. Saben karya sastra mbutuhake sawijine metodhe analisis kang selaras antarane sipat lan struktur.

Paraga lan Pamaragan

Najid (2003: 23) nduweni pamawas menawa paraga minangka panindak kang nyengkuyung lakon saengga ndadekake sawijine crita, dene pamaragan mujudake cara pangripta anggane ndhapuk paraga. Babagan pamaragan mujudake unsur crita kang ora bisa diuwali. Kanthi anane pamaragan bisa ndadekake crita luwih nyata lan urip. Kanthi pamaragan uga, para pamaos bisa kanthi gamblang nampa wujud manungsa utawa makhluk liya kang lagi diwedharake dening pangripta minangka paraga.

Paraga crita miturut Nurgiyantoro (2007: 176-190) kaperang dadi patang jinis yaiku:

- 1) Diawas saka perane utawa tataran pentinge paraga ing sawijine crita ana paraga utama lan paraga tambahan.
- 2) Diawas saka fungsi patrap lan pocape paraga diperang dadi paraga protagonis lan antagonis.
- 3) Diawas saka wateke, paraga diperang dadi paraga prasaja lan paraga bulat.
- 4) Adhedhasar paugeran owah orane wewatekane paraga crita sajrone karya fiksi diperang dadi paraga statis lan paraga dinamis.

Teknik Panggambaraning Paraga

Pangripta nggambarake paraga-paragane iku bisa dimangerteni kanthi pirang-pirang cara. Weltek lan Werren (sajrone Sukada, 1993: 65) ngandharake yen cara paling gampang nggambarake paraga lumantar menahi jeneng. Saka jeneng kuwi bisa nguripi saben paraga kang tuwuh ing crita.

Sukada (1993: 64) nggambarake wewatekake parag bisa diperang dadi telu ing antarane kanthi cara analitik, dramatik lan campuran. Cara analitik yaiku pangripta nggambarake watek paragane lumantar critane kanthi langsung. Banjur cara dramatik pangripta nggambarake apa lan sapa paragane kanthi cara ora langsung nanging lumantar babagna liya kayata nggambarake papan panggonan utawa lingkungan paragane, lumantar cecaturan antar paraga utawa cecaturan paraga-paraga liya ngennai dheweke, pamikire paraga utawa gagasan para paraga liyane ngenani dheweke lan solah bawane paraga.

Cerbung sajrone Kasusastran Jawa

Cerbung utawa crita sambung, kalebu karya fiksi. Karya fiksi yaiku crita kang nduweni paraga-paraga tartamtu, kang dipilih dening pangripta lan ditemtokake watake, nduweni latar crita, lan reroncene crita saka asil pamikiran pangripta saengga bisa dadi sawijine crita (Aminuddin, 2002: 66). Paraga-paraga sajrone karya fiksi kayata cerbung, wis ditemtokake wewatekane miturut pangangene pangripta. Crita-crita dironce miturut alur kang wis dipilih pangripta, supaya cerbung nduweni kaendahan crita nalika diwaca. Pangripta kudu pinter nggunakake daya pamikire lan pangangen-angene kanggo nronce critane.

Sosiologi

Miturut pamawase Ratna (2010: 1) sosiologi iku ilmu ngenani asal muasal lan pangrembakane bebrayan, kawruh kang nyinaoni ngenani sesambungan antarane manungsa sajrone masyarakat ing bebrayan kang asipat umum lan nyata. Masyarakat minangka pawongan kang urip sategahing bebrayan lan ngasilake kabudayan. Sosiologi bakal nyinaoni bebrayan, tindak tanduke bebrayan, lan tindak tanduk sosial manungsa kanthi ngawasi tumindak klompok kang diwangun.

Sosiologi minangka ilmu sosial kang objeke masyarakat, nduweni ciri-ciri utama yaiku: 1) Sosiologi kang asipat empiris, yaiku ilmu kang adhedhasar analisis tumrap kanyatan ing bebrayan. 2) Sosiologi kang asipat teoritis, yaiku ilmu kasebut ana kanggo nyusun abstraksi saka asile pengamatan. 3) Sosiologi asipat kumulatif, yaiku teori-teori sosiologi disusun adhedhasar teori-teori kang wis ana. 4) Sosiologi kang asipat nonetis, yaiku bab sing dadi perkara dudu apik orane kanyatan tartamtu, nanging tujuwane yaiku kanggo ngandharake kanyatan kasebut kanthi cara analisis (Soekanto, 1994:13)

Sosiologi Keluarga

Kaluwarga minangka sawijine perangan sajrone struktur sosial. Bab iku nduweni teges yen badhan-badhan liyane gumantung saka kaanane. Para ahli fisafat lan analisis sosial mawas yen masyarakat minangka perangan saka struktur kang kasusun saka kaluwarga. Kaluwarga minangka perangan sing paling cilik. Lakon ing masyarakat bisa digambarake kanthi njlentrehake

sesambungan kekaluwargan kang wis kaleksanan. Kalungguhan utama kaluwarga yaiku fungsi pengandheng antarane indhividu karo jagade bebrayan. Kaluwarga iku dhewe kasusun saka indhividu-indhividu, nanging mujudake perangan jaringan sosial sing luwih rowa. Lumantar kaluwarga, masyarakat bisa mikolehi panyengkuyung sing dibutuhake saka indhividu-indhividu. Suwalike, kaluwarga bakal terus ana yen disengkuyung dening masyarakat kang luwih jembar. Kalungguhane masyarakat minangka sawijine sistem klompok sosial sing rowa lan nyengkuyung kaanane kaluwarga, utawa minangka syarat supaya kaluwarga iku bisa terus ana, mula kalorone kudu saling gegayutan ing babagan sing wigati (Goode, 1991: 1-4).

Sosiologi Sastra

Sosiologi wujud studi sing ilmiah lan obyektif ngenani manungsa sajrone masyarakat, pasinaon ngenani badan-badan lan proses-proses sosial miturut Swingewood (Faruk, 2012: 1). Sosiologi minangka sawijine disiplin ilmu sing kompleks. Sejatine sosiologi nyinanoni bab panguripan sejatine manungsa minangka sawijine *kolektivitas*. Sosiologi sastra bisa diarani salah siji cabange panliten sastra sing digunakake kanggo mangerteni sastra minangka kacabenggalane masyarakat.

Kurniawan (2012: 5) nduweni paawas yen sosiologi sastra sejatine interdisiplin antarane sosiologi lan sastra, kang disengkuyung dening pamawase Ratna (2009: 3) kalorone nduweni objek kang padha, yaiku manungsa sajrone bebrayan.

Landhesane Analisis

Penganggone teori minangka landhesane kanggo nganalisis salah sawijining perkara ora bisa ditinggalake. Teori iku kang bakal dadi ancer-ancer sajrone panliten kang arep ditindakake. Teori sing bakal digunakake kanggo nintingi panliten sing arep kaleksanan yaiku Sosiologi sastra.

Kanggo ngonceki bab paraga lan pamaragan crita kang ana ing cerbung *Omah*, panliten iki nggunakake pamarekan struktural (Nurgiyantoro, 2007: 37). Pamarekan struktural dianggo nggonceki salah sawijine unsur intrinsik kang manggun crita sajrone karya sastra. Unsur struktural iki diwatesi mung saka perangan paraga lan pamaragan kang nyengkuyung lakune crita, amarga bab iku kang paling onjo.

Kanggo ngonceki bab gegambaran purik sajrone cerbung *Omah*, panliten iki nggunakake teori sosiologi sastra kang diandharake dening Wellek lan Werren (1995: 84) konsep nomer loro. Sosiologi karya munjerake ing prakara karya sastra iku dhewe utawa bab apa wae kang sinurat sajrone karya sastra lan apa kang dadi tujuwane. Babagan iku nyengkuyung perkara kang ana sajrone cerbung *Omah* nganti njalari purik.

Underan panliten kaping telu yaiku bab gegayutane purik ing cerbung *Omah* karo kanyatan ing bebrayan bisa dionceki kanthi nggunakake teori sosiologi sastra kang diandharake dening Ian Watt (sajrone Damono, 1978: 3). Konsep nomer loro kang diandharake dening Ian Watt yaiku ngrembug karya sastra iku dhewe, banjur asile digayutake karo kanyatan kang dumadi. Sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, kang ditliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang

ana ing bebrayan.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Ancangan panliten mujudake salah sawijine trap-trapan sadurunge panliten kalaksanan, amarga ancangan panliten mujudake panuduh sing bisa menehi ancer-ancer ngenani panliten sing bakal ditindakake. Panliten iki kalebu panliten kualitatif. Miturut Endraswara (2003:18) panliten kualitatif yaiku panliten kang ora ngutamakake angka nanging luwih nengenake marang intrinsik klawan konsep kang dikaji kanthi empiris. Selaras karo pamase Endraswara, panliten iki kalebu panliten kualitatif amarga panliten iki nintingi sawijine kedadeyan utawa lakon sajrone karya sastra. Panliten deskriptif ora nduweni tujuwan kanggo ngisi hipotesis tartamtu, nanging mung nggambarake anane fenomena utawa kedadeyan.

Cerbung *Omah* anggitane Widodo Basuki bakal ditintingi mawa tintingan sosiologi sastra. Panliten iki bakal nggunakake metodhe deskriptis kualitatif kanggo nintingi cerbung kasebut. Panliten kualitatif deskriptif digunakake amrih bisa menehi gambaran kang gamblang lan obyektif ngenani tumindak purik sajrone cerbung kasebut.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Sumber dhata sing digunakake sajrone panliten iki dibedakake dadi loro, yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Sumber dhata primer yaiku cerbung *Omah* anggitane Widodo Basuki kang ditulis nggunakake basa Jawa modern, lan kapacak ing kalawarti *Jayabaya*. Cerbung *Omah*. Cerbung kasebut critane akeh kang ngandhut prekara-prekara sosial ing bebrayan, nanging panliten kang arep ditindakake iki nganalisis tumindak purik ing bale wisma. Kejaba cerbung *Omah*, ana sumber dhata sekunder kang arupa buku literatur lan artikel-artikel saka koran lan internet.

Dhata Panliten

Dhata sing digunakake sajrone panliten iki uga kaperang dadi loro yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer yaiku arupa dialog antarane paraga, tembung, ukara, paragraf, lan liya-liyane sing gegayutan karo underane panliten. Sepisan, gegayutan karo paraga lan pamragan kang nyengkuyung crita panguripane bale wisma sajrone cerbung *Omah* lan gegambaran purik. Kejaba dhata iku, uga ana dhata kang arupa artikel-artikel saka koran lan internet. Bab iki kaajab bisa meruhi gegayutane purik ing cerbung *Omah* karo kanyatan ing bebrayan. Banjur uga nggunakake dhata sekunder kang arupa konsep-konsep perspektif kang bakal dianalisis.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten sastra yaiku panliti. Panliti mujudake instrumen utama sajrone panliten iki. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti sing golek dhata, nganalisis dhata lan nulis panliten iki. Miturut Hasan (1990:15) ana salah siji kaluwihan-kaluwihan sing bisa diasilake saka panliten sing nggunakake manungsa minangka instrumen sajrone nindakake panliten kaluwihan iku yaiku *responsif*,

adaptif, manungsa minangka piranti saka sing bisa ngerteni sakabehe *konteks*, bisa njembarake kawruh kanthi cara langsung, bisa nindakake ngolah lan nganalisis dhata kanthi cepet lan sapanunggalane.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara sajrone nglumpukake dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku kanthi cara nggunakake teknik kapustakaan. Teknik kapustakaan yaiku teknik panglumpuking dhata kang nggunakake sumber dhata kang katulis (kepustakaan) lan cara nglumpukake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka kanthi nggunakake sistem sandhi utawa tandha. Kanthi cara weneh tandha ing ukara sing gegayutan karo panliten iki. Tandha kasebut bisa digarisi utawa dicathet. Teknik maca lan nyathet mujudake teknik kang digunakake kanggo ngasilake dhata kanthi maca teks kang dadi sumber panliten.

Tata cara sing digunakake kanggo nglumpukake dhata dening Endraswara (2008:162-163) ing panliten iki diperang dadi telu yaiku :

- a. Nemtokake Unit Analisis
- b. Nemtokake Dhata
- c. Nyathet Dhata

Teknik Nganalisis Dhata

Sajrone panliten iki nggunakake teknik analisis deskriptif. Panliten kang sipate deskriptif ngandharake apa kang wis ditemokake. Metodhe deskriptif digunakake nalika analisis dhata. Asile analisis dhata dideskripsikake adhedhasar prakara-prakara kang ana sajrone panliten kasebut, diklumpukake miturut kepentingane, dipilih lan diklompokake. Bab kasebut ditengenake amarga metodhe iki digunakake kanggo ndeskripsikake kanthi cara objektif ngenani kahanan kang ana ing masyarakat. Surachmad (1985:139) analisis deskriptif yaiku analisis kang digunakake kanggo nafsirake lan nggambarake dhata kang ana kanthi cocog karo perkara-perkara kang diaturake. Teknik analisis kasebut ditindakake kanthi cara nintingi prakara-prakara kang kinandhut ing cerbung kasebut cundhuk karo tintingan sosiologi sastra. Tata cara analisis dhata sing ditindakake sajrone panliten iki, kaya ing ngisor iki :

- 1) Inventarisasi dhata.
- 2) Identifikasi dhata utawa teknik cathet.
- 3) Klasifikasi dhata.

Tata Cara Panyuguhe Asile Panliten

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise njlentrehake dhata tumrap cerbung *Omah*. Tata cara panyuguhe asile panliten sajrone panliten iki yaiku analisis informal, yaiku analisis dhata kang nggunakake tembung-tembung salumrahe. Andharan mau awujud deskripsi ngenani undherane yaiku njlentrehake ngenani struktur crita cerbung *Omah*, gegambaran purik sajrone cerbung *Omah*, lan gegayutan purik ing cerbung *Omah* karo kanyatan ing bebrayan. Panliten iki kanthi sistematika kasusun sak limang bab yaiku 1) purwaka; 2) tintingan kapustakaan; 3) metodhe panliten; 4) andharan lan 5) panutup sing isine dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Struktur Crita Cerbung Omah

Perangan sepisanan kang bakal dirembug ing bab iki struktur crita sajrone cerbung *Omah*. Unsur struktur dipunjerake ing analisis paraga lan pamaragan minangka unsur kang paling onjo sajrone cerbung *Omah*. panguripaning wong bale wisma sajrone cerbung kasebut.

Paraga lan Pamaragan

Paraga minangka pawongan kang didhapuk ing sajrone karya kanggo nglakokake lakune crita. Anane paraga sajroning crita ndadekake sawijine crita bisa urip. Paraga asring digambarake kanthi wutuh lan jangkep. Paraga disengkuyung karo pamaragan kang pigunane minangka salah sawijine unsur pamangan fiksi kang dianalisis sesambungan karo unsur-unsur pamangan liyane. Pamaragan nuduhake sipat saben pawongan kang didhapuk ing sawijine crita. Paraga lan pamaragan mujudake babagan kang wigati lan ora bisa ditinggalake. Anane paraga bisa ketara kanthi cetha wujud lan panguripan sing dicritakake sajrone cerbung *Omah*.

1) Paraga Rahina

Rahina minangka paraga utama sajrone cerbung *Omah*. Bab iki bisa dideleng saka pangripta kang asring ndhapuk paraga Rahina sajrone lakune crita iki. Rahina minangka paraga utama sajrone cerbung iki paraga sing diutamakake padunungane. Rahina dadi paraga kang wigati sajrone lakune crita ing cerbung kuwi. Dheweke minangka pawongan sing wis duwe sisihan lan wis duwe anak wadon siji. Dheweke nduweni pakaryan minangka guru nggambar honorer ing SD swasta. Bab iku bisa kagambarake saka pethikan ing ngisor iki.

“...Yen wis tekan ngomah, lungkrah iki bakal ilang kedayan guyu renyahhe saka anak wadon siji-sijine sarta esem manis saka sisihane. Ah, rasane urip iki krasa mulya.

...saka kadohan wis dibagekake Andarini sisihane sinambi nggendhong Dhenok, anake kang nembe mlaku.

...Eling nalika luntang-luntung golek gaweyan karo ngathung-ngathungake ijasah SPG. Mung kuwi buncine. Ndilalah kersane gusti ana SD swasta sing gelem nrima merga kebeneran ing sekolahan mau kelangan guru nggambar. Rahina kepeksa gelem nglakoni nadyan ora duwe bakat nggambar babar pisan. Sing diwulang putrane wong sugih-sugih. Ning panguripane Rahina ora maju-maju, nganti wektu lumaku kaya keplase paser tanpa ngrobah panguripane Rahina dalah kaluwargane.” (Basuki, 1996:1:38)

Pethikan kasebut dicritakake dening pangripta nalika nggambarake yen Rahina minangka bojo saka paraga Andarini lan bapake Dhenok. Dheweke bagya nduweni kaluwarga cilik, senadyan panguripane sarwa kecukupan. Apa maneh nduweni sisihan lan anak kang tansah menahi rasa tresna lan semangat kanggo dheweke. Nalika dheweke krasa kesel saka mulih kerja, rasa kesele bisa ilang nalika ndeleng anak lan bojone kang wis ngenteni saka ngarepan omah. Kabagyane Rahina katon wis jangkep, nanging ana sing kurang saka panguripan

bale wismane. Dheweke rumangsa sasuwene iki, durung bisa menehi omah kanggo kaluwarga cilike. Sasuwene sepuluh taun anggone dheweke manggon ana ing Surabaya, gaweyane mung pindhah-pindhah omah kontrakan, supaya anak lan bojone bisa urip rada kepenak. Rahina nduweni penggaweyan dadi guru nggambar sing isih honorer ing sawijine SD swasta. Dheweke dadi guru nggambar mung bandha ijazah SPGne.

Rahina minangka paraga protagonis ing cerbung iki nduweni watek-watek sing becik. Paraga protagonis mujudake paraga sing apik saengga akeh sing nyenengi. Pangripta olehe nggambarake paraga Rahina kaanggep sawijining priya sing lugu, eklas, sabar, tanggung jawab lan liya-liyane. Bab kasebut bisa dideleng ing pethikan ing ngisor iki.

“Rahina, guru sing katon lugu kuwi mung mesem sinambi ngangkat epek-epeke, mretandhani yen dheweke nolak alus. (Basuki, 1996:1:38).

“Rahina mono wong lugu, jujur, ikhlas banget ngadhepi kanyatan kang semrawut urip ing kutha.” (Basuki, 1996:4:38).

Guru mono totohane nurani, nurani ing dhadha iki

“Nurani Rien . . . nurani! Aku duwe kuwajiban lan tanggung jawab minterake generasi.” (Basuki, 1996:4:39).

Pethikan ing mau nuduhake anggone pangripta nggambarake watek Rahina minangka priya kang nduweni kabecikan. Pangripta kanthi teknik analitik nggambarake kanthi langsung watek-watek apa wae kang diduweni dening Rahina. Gegambaran kang diwenehake pangripta saka dheskripsi bab kahanane paraga ana satengahing bebrayan. Pangripta uga medharake mung kanthi singkat lan padhet. Bab iku dikarepake pangripta supaya pamaos langsung bisa ngerteni apa lan kepriye sejatine paraga Rahina kuwi. Watek-watek kasebut kaajab supaya pamaos nuladhani lan nduweni watek sing kaya mangkono. Senadyan dheweke priya kang urip ing kutha gedhe lan kahanan ekonomine sarwa kekurangan, dheweke tetep nduweni pakarti sing apik.

2) Paraga Andarini

Andarini minangka bojone Rahina lan ibune Dhenok. Andarini ing cerbung *Omah* iki uga minangka paraga utama. Pangripta olehe nggambarake paraga Andarini iki kerep didhapuk sajrone crita. Anggone nggambarake paraga Andarini pangripta uga nggunakake teknik dramatik. Teknik iki menehi panggambaran kanthi ora langsung, pamaos diajab bisa nggoleki dhewe lumantar ukara, paragraf lan dialog antar paraga. Andarini minangka wanita kang ayu lan bekti marang sisihane. Dheweke uga nresnani bojo dalah anake wadon siji-sijine. Jejer ibu lan wanita sing wis duwe sisihan dheweke nduweni pakarti sing becik. Bab iku bisa kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“...map kumel ing tangane kiwa ditampani Andarini njur bebarengan mlebu omah kontrakan.

Ya njenengan tindak ta. Mengko sedhela engkas agemane sing rada apik dak setlikane.” (Basuki, 1996:1:38-39).

“Kanthi kahanan apa wae aku tetep tut wuri njenengan pengin tentrem neng sandhingmu.” (Basuki, 1996:3:39).

“Dheweke jejer sawijine wanita kang bekti ing kakung.” (Basuki, 1996:4:38).

“cengelak, Andarini enggal golek beras kencur karo lenga klentik kanggo kerokan. (Basuki, 1996:7:38-39).

Saperangan pethikan mau nuduhake yen Andarini minangka wanita kang ngabekti marang bojo. Dheweke nindakake kuwajiban jejer garwa sing becik, kayata nyetlikakake klambine sisihane, lan nampani map sing digawa Rahina. Dheweke nduwe pandome urip bakalan tut wuri ing mburine bojone kanthi kahanan apa wae. Kahanan seneng utawa lara lapa dheweke bakal ana sandhinge Rahina. Bekti sing diduweni dening Andarini uga bisa dideleng nalika Andarini ngeroki bojone sing lagi masuk angin. Wayah wengi dheweke nggolek beras kencur lan lenga klethik mung kanggo ngeroki Rahina. Senadyan Andarini anyel klawan bojone dheweke tetep nindakake kuwajiban minangka wanita kang wis duwe sisihan.

3) Paraga Suryarini

Suryarini minangka ibune Rahma. Suryarini uga kalebu paraga utama kang asring didhapuk sajrone cerbung *Omah*. Suryarini dadi pawongan kang njalari tuwuhe konflik antarane Rahina lan Andarini ing bale wismane. Paraga Suryarini iki nduweni pakaryan minangka direktis ing “Pelangi Enterprize”. Sadurunge dheweke dadi direktis, Suryarini minangka bocah bebas sing seneng menyang diskotik. Dheweke uga minangka sawijine wanita sing nduweni mangsa kapungkur sing ora kepenak. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“Sabrebet duren guru lugu sing jenenge Rahina kuwi pancen memper karo Bramantiyo, priya sing nate ngampirake katresnan. Ketemune ing diskotik Calipso. Alah embuh kepriye nalare, Suryarini si bocah bebes kuwi, nyatane bisa kecanthol pria lugu sing uga asring ngombe bier ing diskotik kuwi. Ora ngerti Bramantiyo wis duwe sisihan lan anak loro. Ing guwa garbane Suryarini ana wiji kang thukul ngrembaka, lair dadi jabang bayi kang dijenengi Rahma. Ing kana ora ana luh kang tumetes, jalaran kabeh pancen disengaja. Lan saka kono Suryarini miwiti urip kang nyrempet-nyrempet barang negatif, kanthi ngenali kaum selebriti lan bisnismen liyane.” (Basuki, 1996:2:39)

Pethikan mau nuduhake yen Suryarini sadurunge dadi pawongan sing sugih mbrewu, dheweke nduweni mangsa kawuri sing klawu. Pangripta nggambarake paraga Suryarini kang dadi paraga sing ora becik kanthi teknik campuran. Sebab ing pethikan mau bisa dideleng kanthi langsung yen paraga Suryarini kuwi wanita sing ora becik. Ewa semana, pangripta uga nggambarake kanthi ora langsung wewatekane lumantar tumindake Suryarini.

4) Paraga Pak Pramudito

Pak Pramudito ing cerbung *Omah* kalungguhane minangka paraga tambahan. Paraga pramudito iki mung sethithik anggane dicritakake dening pangripta. Panjenengane dadi pawongan sing arep nuku mobil VW duweke Suryarini, lumantar Rahina minangka makelare. Pak Pramudito iki yuswane wis sepuh. Bab iku bisa dideleng saka rikma dalah brengose lan jenggote dijarake dawa, rupane putih memplak kaya perak. Pak Pramudito minangka sawijine seniman kang seneng karo mobil antik. Pak Pramudito nduweni watek becik, salah sawijine yaiku grapyak. Sipat iku bisa kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“O iya, Dhik Kaslan. Bocah kuwi usaha tenan jebule. Kandhane pak Pramudito karo wiwit nyungging esem. Dhik kaslan iku bocahe ulet. Apa wae ditandhangi. Ya, makelaran mobil, ya kadang ngurusi karcis bis malem, wis pokoke apa wae ditandhangi. Ya kudu ngono pancene yen pengin urip jejeg neng kutha. Yen ora . . . lha apa rejeki kuwi mung ceblok sakepenake wae saka langit?

Wah ya hebat ta. Dadi pahlawan tanpa tanda jasa. Ha..ha..ha.. Pak Pramudito ngguyu ngakak.

Sampeyan iki yen temen-temen sida alih profesi dadi makelar, bakal entuk tandha jasa..ha..ha..haa Soale dhik, . . . kejujuren !” (Basuki, 1996:6:38).

Pethikan ing mau bisa menahi bukti yen Pak Pramudito pancen nduweni sipat sing grapyak marang wong liya. Bab kuwi bisa dideleng kanthi teknik ora langsung kang pamaos ngira-ira miturut panemune dhewe. Panjenengane kanthi andhap asor menahi pangaleman marang Kaslan. Panjenengane menahi pangaleman nalika Kaslan gelem nglakoni sakabehe pakaryan kanggo kabutuhane. Wiwit pakaryan saka dadi makelar mobil, ngurusi karcis bis, lan akeh liyane. Miturut panjenengane pancen bener apa sing ditindakake dening Kaslan kuwi. Urip neng kutha kuwi kudu kerja abot yen isih kepengin urip jejeg. Amarga ora mungkin rejeki bakal rutuh dhewe yen ora nyambut gawe. Panjenengane uga gelem mbuka rembugan dhisik lan takon ngenani pakaryane Rahina kang sadurunge dadi makelar. Panjenengane nduweni panemu yen Rahina mono pahlawan tanpa tanda jasa amarga pakaryane minangka guru. Panjenengane uga menahi pangaleman dening Rahina sing gelem nyambi dadi makelar senadyan sejatine pakaryane kuwi guru. Panjenengane uga seneng ngguyu lan nyungging esem. Bab iku mratandhani yen dheweke grapyak lan apikan.

5) Paraga Pak Heryanto

Pak Heryanto minangka wong lanang sing wis lumayan tuwa. Panjenengane minangka bapake Andarini. Pak Heryanto iki uga kalebu paraga tambahan kang didhapuk mung sepisanan utawa ping pindho. Heryanto minangka bapak, tresna banget marang putu lan Andarini. Bab iku bisa kabuktekake lewat tumindake kang menahi kawigaten marang anake. Kahanan mangkono kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“Rien, aja ndadekna gelane atimu yen Bapakmu

kepeksa takon. Aku karo ibumu kuwi ndhuk, ing batin rada cingak bareng ngingeti kowe ora mulih bareng karo Rahina. Dak pikir kowe wong loro wis padha ngertine. Lan selawase iki kowe sakloron ora nate mulih dhewekan. Lha kok sore iki mau awakmu mulih mung karo Dhenok. Wong tuwa ki ya lega Rien, kepriye ra lega. Bisa ketemu putu. Ning sejatine kowe ki lagi ana apa ta karo bojomu.” (Basuki, 1996:9:38)

Wis ta ndhuk, yen bojomu wengi iki ora mrene nusul anake. Sesuk esuk dak budal nggoleki nyang Surabaya. Lha witikna kowe ki penggaweyanmu ya mung njegadol neng ngarepan omah terus ki. Pa ra wong tuwa sing kepikiran?” (Basuki, 1996:10:38)

Pethikan iku nggambarake yen Pak Heryanto minangka sawijine bapak nduweni rasa kawigaten marang anake. Anggane pangripta nggambarake tumindake paraga Pak Heryanto kanthi langsung. Nalika anake mulih dhewekan mung karo nggawa anake ora karo bojone, Pak Heryanto rumangsa sedhik lan kuwatir. Rasa kuwatire Pak Heryanto marang anake iku wajar, amarga Pak Heryanto ora kepengin anake dalah kaluwargane kena pacoban. Kahanan sing kaya mangkono, Pak Heryanto kepeksa takon marang Andarini apa sejatine sing dumadi ing bale wismane. Saliyane iku rasa kawigatene Pak Heryanto bisa dideleng nalika Andarini sambat, kena apa bojone Rahina ora enggal nyusul dheweke menyang desa. Pak Heryanto lila budhal menyang Surabaya kanggo nggoleki Rahina supaya gelem nyusul anak dalah bojone Andarini.

6) Paraga Bu Heryanto

Bu Heryanto minangka sisihane Pak Heryanto. Bu Heryanto sajrone cerbung *Omah* iki kalebu paraga tambahan. Bab kuwi bisa dideleng saka arange paraga Bu Heryanto didhapuk sajrone crita saka panggambaraning pangripta. Bu Heryanto dadi ibu kandhunge Andarini. Yuswane Bu Heryanto uga wis lumayan tuwa. Panjenengane minangka ibune Andarini lan maratuwane Rahina. Jejer ibu, panjenengane nduweni kawigaten sing linuwih marang anake. Bab iku bisa kabuktekake lumantar pitutur-pitutur sing becik marang anake. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“O iya, mumpung iki mau ibu lagi masak godhong tela, kuwi karemanmu. Ayo maem bareng wae. Saka Surabaya kowe ki mau mesthi durung maem.

Sakjane kowe ki ana apa ta? Mulih neng ndesa ra kabar-kabar dhisik, sajak kesusu. Yen Pakmu kuwi wiwit rong minggu kepungkur ki sing ditakokne ya Dhenok kuwi.’Saiki sepira gedhene ya Bu, hlawong jenenge duwe putu kok blas ora sambang.’ ngono lo Rien sing ditakokne. Lha bojomu kuwi, apa kowe dhewe kok ya ra kirim-kirim layang mbaka sasuwek. Bocah ki nek wis neng kutha gedhe kok blas ra eling wong tuwane. Karepku ki nek wong tuwa krungu kabare rak ya marem. Yen kowe karo bojomu ki ora.” (Basuki, 1996:9:38)

Pethikan kang wis diandharake mau ngandharake yen kawigatene Bu Heryanto marang anake Andharini gedhe banget. Panjenengane ngakon Andarini enggal-enggal mangan sawise teka dhog menyang omahe. Panjenengane uga rumangsa ana sing malih karo anake kuwi. Teka ing Munjungan ora menahi kabar-kabar dhisik lan sajak kesusu. Bu Heryanto menahi pitutur supaya Andarini lan bojone menahi kabar lumantar layang mbaka sasuwek, supaya bapak lan ibune oleh pawarta ngenani kahanane lan ora kepikiran. Miturute Bu Heryanto antarane Andarini lan Rahina padha wae, yen wis neng Surabaya ora ngelingi wong tuwa babar pisan. Karepe panjenengane yen wong tuwa wis krungu kabar anak bisa maremake atine.

7) Paraga Tangga-Tangga Teparo (Yu Prapti lan Mbak Tum)

Yu Prapti lan Mbak Tum ing cerbung *Omah* iki kalungguhane minangka paraga tambahan. Kekarone minangka paraga antagonis kang mujudake paraga jahat, saengga akeh pamaos sing ora simpati marang paraga iki. Anggone pangripta nggambarake kaloro paraga iki kanthi teknik campuran yaiku analitik lan dramatik. Bab kuwi bisa dideleng saka panggambaraning langsung saka pangripta lan pangira-irane pamaos olehe nggambarake paraga kuwi.

Yu Prapti lan Mbak Tum minangka tangga teparo saka Rahina lan Andarini. Kekarone nduweni sipat sing ora becik, yaiku seneng ngunem lan ngobong-ngobongi. Yu Prapti minangka bojone sopir trek kang kerep ditinggal, dene Mbak Tum minangka bojo kalorone tukang becak sing arang diwenehi dhuwit blanja. Mula pakarti kekarone kurang becik, yaiku seneng ngrasani tangga. Saka omongane tangga lorone iki uga njalari purike Andarini. Kahanan iku bisa dideleng ing pethikan ing ngisor iki.

“...esuk mau nalika umbah-ubah pancen atine semriwing. Krungu tangga teparone ngrasani bojone. Apa maneh thokngok ing ngarepe, tanpa tedheng aling-aling.

Lha iya lo, ndhisik ki rak ya wonge dak pikir alim, dhasar guru lugu, eee. . . . jebule ya padha mawon. Ketok kuthuk ki yen neng omah. Lha yen wis ucul, ya bisa wae kucing mlebu Kentucky Fried Chiken, nggone Wendy’s njur kota-kota numpak mobil disandhing wong ayu. Iku kandhane Yu prapti, bojone sopir trek kang arang ditunggoni bojone. Senengane ngunem.

Wis ta kucing kuwi sak alim-alime yen disuguhi dhendheng ya tetep nyaut.

Jarene wong alim.

Hallah mbelgedhes, wong lanang ngendi sing alim. Wis ta padha wae. Jas bukak iket blangkon, sama jugak sami mawon. Mbak Tum katut ngunem.” (Basuki, 1996:7:39)

Pethikan mau dicritakake dening pangripta kanthi teknik dramatik utawa ora langsung. Pangripta mung kanthi sumirat nggambarake paraga Yu Prapti lan Mbak Tum minangka pawong sing nduweni pakarti sing ala. Bab kuwi bisa dideleng saka solah bawane lan pocapane nalika rerembungan.

Gegambaran Purik sajrone Cerbung *Omah* Wujude Purik

1) Lunga mung Ninggal Wekas

Ing cerbung *Omah*, purike wanita bisa kagambarake lumantar paraga Andarini kang wis anyel marang sisihane Rahina. Dheweke ninggalake omah menyang omahe wong tuwane kang ana ing Munjungan. Dheweke purik sebab wis ora betah karo tumindake sisihane kang kaanggep nyleweng karo wanita liya. Dheweke purik mung ninggal layang sasuwek kang dideleh ing dhuwure meja makan. Bab kasebut bisa dideleng ing pethikan ing ngisor iki.

“Mas Rahina sing daktresnani. Aja ndadekake gelane manah panjenengan yen kepeksa aku karo Dhenok kudu mulih neng ndaleme ibu ing Munjungan. Omah cekli sing dibangun kanthi katresnane awake dhewe iki rasane saiki malih panas. Saka rumangsaku kabeh tangga teparo ngingeti kanthi panyakrabawa kang wengis sarta nyalahake aku kang kudu manut mituhu marang panjenengan, kamangka panjenengan dhewe uga rerentengan karo ibune Rahma. Apa pancen panjenengan sengaja ngrusak uripku lan masadhepane Dhenok? Mung panjenengan dhewe sing pirsia. Sing tansah nresnani. Ibune Dhenok.” (Basuki, 1996:8:38).

Pethikan mau nuduhake purike Andarini kanthi lunga ninggalake omah. Dheweke lunga merga kepeksa. Andarini ora pamit nalika ninggalake omah. Dheweke mung ninggal layang sasuwek kang dideleh ing meja makan. Dheweke arep mulih menyang omahe wong tuwane kang ana ing Munjungan Trenggalek. Lumantar layang kuwi, dheweke ngandharake anggone purik amarga wis ora kuwat ngadhepi pacoban urip ing bale wismane. Panyakrabawa saka tangga kiwa tengene uga saya nambah panas atine. Tanggane kerep ngunem yen Rahina nindakake lakon sing ora pener klawan wanita liya, kamangka Rahina wis duwe anak lan sisihan. Dheweke uga nduweni panemu yen Rahina sengaja ngrusak uripe lan masa dhepane Dhenok, anake. Saka pawadan-pawadan iku sing saya mantebake Andarini purik lunga ninggalake omah.

2) Lunga Nggawa Anak

Sajrone cerbung *Omah*, paraga Andarini anggone purik ninggalake omah kanthi nggawa anak siji-sijine, Dhenok. Lumantar Andarini sadurunge uga wis ngandharake anggone mulih menyang omahe wong tuwane karo Dhenok, anake. Bab kuwi njalari Rahina minangka bojo malih kepikiran. Bab kasebut bisa dideleng lumantar pethikan ngisor iki.

“Nanging barang wis kebacut. Sega wis mambu ora bisa diliwet maneh. Praupane Dhenok sing thiplu-thiplu kuwi tansah cemanthel ing tlapakane. Rahina mbayangake anak siji-sijine kuwi kewer-kewer digendhong ibune, njur ditrima ibune kang sepuh” (Basuki:1996:8:38)

Pethikan mau nggambarake yen Andarini anggone lunga menyang omahe wong tuwane karo nggawa anake Dhenok. Andarini minangka ibu sing nduweni tanggung jawab sing gedhe. Bab kuwi bisa dideleng saka tumindake. Andarini nggawa anake

ngrumangsani anake kuwi isih cilik lan perlu ibune ana ing cedhake. Senadyan ta dheweke anyel lan nesu karo bojone, dheweke isih ngrumangsani jejibahane jejer ibu kang kudu ngrumat lan menehi kawigaten marang anak siji-sijine. Andarini purik ora nggawa apa-apa kejaba anake kuwi.

Pawadan Tumindak Purik

1) Butarepan

Adedhasar lelakon sing njalari Rahina malih kerep metu lan yen mulih wanci bengi. Andarini malih nduweni rasa cubriya banjur butarepan. Butarepane Andarini sing saya ndadi diwiwiti saka kedadeyan kang ora disangka-sangka dening Andarini dhewe. Rahina bojone mulih karo kahanan klambi sing ana tipak lipstike wanita. Bab kuwi kang njalari Andarini malih nesu merga butarepan. Bab kuwi bisa kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“Aku ora ngerti yen ngelesi Rahma, muridmu kuwi mung kanggo alasan sing baku sejatine ngelesi ibune. Wis terang kabeh. Mau aku ya krungu saka tangga sebelah ngenani panjenengan.” (Basuki, 1996:5:39).

Pethikan mau nuduhake nalika Andarini butarepan meruhi ing klambine Rahina ana tilas lipstike wanita. Andarini wis nduweni panemu yen Rahina mentas metu karo wanita liya. Dheweke ndakwa yen sejatine Rahina ora ngelesi Rahma, nanging ngelesi ibune sing jenenge Suryarini. Anggone ngelesi Rahma mung dianggo alesan supaya hubungan petenge karo Suryarini ora konangan dheweke. Andarini rumangsa wis dikiyani dening Rahina. Ora nyangka Rahina bakal tumindak sedeng ing mburine. Rahina sing ora ngerti apa-apa mung bisa meneng tanpa ngucap ika-iki. Nalika didakwa sisihane, awake langsung nglimprek. Dheweke mung bisa sumendhe ing kursi lan pasrah tanpa daya. Andarini weruh bab kuwi merga krungu saka tangga sebelah sing crita ngenani dheweke. Jarene tanggane Rahina menyang Wendy's, salah sawijine panggonan elit ing kutha Surabaya. Andarini ngomong yen tanggane luwi pancen mentas saka kana nganggo sepedha motor.

2) Kurange Kawigaten

Kurange rasa kawigaten uga kagambarake ing cerbung *Omah*. Kurange rasa kawigaten ing bale wisma nuwuhake kahanan sing kurang harmonis. Kamangka, kawigaten mono rasa kang wigati banget mligine kanggo wanita. Yen wanita ngrasa kurang diwenehi kawigaten, mesthi wanita kasebut bakal nesu nganti purik. Ing cerbung *Omah* uga ana kurange rasa kawigaten kang dialami dening wanita. Paraga Andarini ngrumangsani yen Rahina bojone wis ora nggatekake dheweke maneh. Bab kasebut bisa dideleng ing pethikan ngisor.

“Heeh Mas, aku ngerti. Ning mbok ya nggatekake anake sing kangen. Mosok sabensabens pengin nggulet bapake, blas ora digape. Apa krana ana murid les njenengan sing jenenge Rahma iku kang njalari Dhenok malih kapiran?” (Basuki, 1996:4:38)

Pethikan mau nuduhake yen Andarini ngrasa anake Dhenok kurang digatekake karo Rahina. Rahina patrape malih beda miturute. Kacarita awake Dhenok panas wiwit esuk amarga kakehan keceh neng cedhak

sumur. Andarini bingung nalika anake lara amarga ora duwe dhuwit kanggo priksa menyang dokter. Apa maneh Rahina nganti jam sanga durung mulih. Wiwit bubar magrib Rahina wis pamitan metu arep ngelesi nggambar. Andarini ora takon ika-ika perlu ngiyani wae nalika dipamiti. Suwene suwi anggane Andarini ngenteni nanging Rahina ora enggal-enggal teka. Pungkasane Andarini njupuk banyu tawa lan sapu tangan kanggo ngompres bathuke Dhenok. Pikire yen dikopres bakalan srep panase. Ing wektu kuwi ndilalah sing diarep-arep teka nalika kahanane Andarini isih kathung-kathung nggawa banyu tawa. Andarini njlentrehake yen sejatine Dhenok ora kepenak awak. Rahina sing weruh kahanane anake lagi lara nyalahake Andarini keneng apa kok ora kandha dheweke wiwit mau-mau. Andarini langsung sengol yen Rahina saiki patrape malih beda lan kurang menehi kawigaten marang dheweke lan anake. Nalika Dhenok pengin nggulet Rahina blas ora digape. Andarini nduweni panemu sejatine Rahina kaya mangkono amarga ana Rahma kang njalari Rahma malih kapiran.

3) Lara Ati klawan Tumindake Sisihan

Lara ati uga bisa dirasakake dening pasangan bebojoan ing bale wisma. Kaya kang wis diandharake sadurunge, lara ati bisa disebabake saka tumindak saka sisihan nalika nglarani pangrasa. Ing cerbung *Omah* iki, ana saperangan crita kang nggambarake salah sawijine paraga kang lara ati tumrap tumindake paraga liyane. Andarini ngrasa lara ati tumrap partape Rahina kang kaanggep nyleweng klawan wadon liya. Kahanan kaya mangkono bisa dideleng ing pethikan ngisor.

“...esuk mau nalika umbah-ubah pancen atine semriwing. Krungu tangga teparone ngrasani bojone. Apa maneh thokngok ing ngarepe, tanpa tedheng aling-aling.

Lha iya lo, ndhisik ki rak ya wonge dak pikir alim, dhasar guru lugu, eee. . . . jebule ya padha mawon. Ketok kuthuk ki yen neng omah. Lha yen wis ucul, ya bisa wae kucing mlebu Kentucky Fried Chicken, nggone Wendy's njur kota-kota numpak mobil disandhing wong ayu. Iku kandhane Yu prapti, bojone sopir trek kang arang ditunggoni bojone. Senengane ngunem.

Wis ta kucing kuwi sak alim-alime yen disuguhi dhendheng ya tetep nyaut.

Jarene wong alim.

Hallah mbelgedhes, wong lanang ngendi sing alim. Wis ta padha wae. Jas bukak iket blangkon, sama jugak sami mawon. Mbak Tum katut ngunem.

Eling iku kabeh Andarini sewot maneh. Apa bener sisihane pancen tumindak sedheng karo ibune Rahma? Pitakon-pitakon iku sumelip ing atine.” (Basuki, 1996:7:39)

Saperangan pethikan mau njlentrehake yen purike Andarini saya ndadi jalaran lara ati klawan tumindake Rahina, bojone. Dheweke krungu saka omongane tangga-tanggane yen Rahina kerep dolan karo ibune Rahma. Tumindake Rahina kang ora patut iku uga dadi rasan-rasanane tangga teparo. Para tangga teparone kanthi langsung ngunem Rahina lan ngala-alakake ing ngarepe tanpa tedeng aling-aling. Andarini jejer sisihane

Rahina ora nrimakna tumrap tumindake sing sawiyah-wiyah marang dheweke. Miturut Andarini, Rahina tumindak sawiyah-wiyah amarga kerep reruntungan karo Suryarini, ibune Rahma. Apa maneh Rahina ora tau crita blaka suta perkara kasebut marang Andarini. Andarini mung weruh yen Rahina nyambi kerja kanthi ngelesi Rahma nanging ora ngerti yen sejatine ing mburine Andarini, Rahina malah seneng-seneng. Andarini wis kadung lara ati karo tumindake Rahina kaya sing wis diomongake dening tanga teparone. Bab iku sing njalari purike Andarini saya makantar-kantar..

Cara Ngrampungake Perkara Purik

1) Menahi Pangerten

Bab iku uga ora adoh saka pawongan kang bisa menahi pangeten marang wong liya. Pawongan kang menahi pangerten minangka pawongan kang bisa nguntapake maksud lan pamikire marang wong liya, lan dikarepake wong kasebut bisa paham saka andharane. Menahi pangerten kaajab bisa ndadekake ayem lan tentrem atine pawongan sing lagi kena musibah. Ing cerbung *Omah* iki, paraga Rahina ngupaya menahi pangerten marang Andarini supaya ora purik terusterusan. Cara iki bisa ngleremake atine Andarini sing anyel. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Dhik, awake dhewe perlu omah. Lan saiki iki aku usaha golek dhuwit kareben duwe omah.

Aku tetep Rahina Dhik Rien. . .tetep sayang karo sampeyan karo Dhenok. Beteke kaya ngene mung kepengin ana kemajuwan. Kepengin duwe omah. Ora ndhompleng terus neng omah kontrakan.

Dhik, percayaa, aku sisihanmu sing tansah nresnani nadyan kanthi kahanan apa wae. Aku ndhisik rak wis kandha, yen gelem karo aku kudu wani lara lapa. Jalaran pakaryanku ora bisa njanjeni sampeyan urip murwat. Trimanen aku apa anane. Ya iki kahananku Dhik.

Tangga teparo kuwi kadhangkala mung nggunem. Ora ngerti bot repote awake dhewe. apa maneh iki tangga kontrakan. Kabeh mung saingan, jor-joran bekakas omah. Ora usah koanggep, iku mono godhane awake dhewe. sing penting saiki awake dhewe tetep rukun.” (Basuki, 1996:7:38)

Ing pethikan mau nuduhake yen Rahina ngupaya menahi pangerten marang Rahina. Anggone Rahina menahi pangeten marang Andarini supaya bojone ora purik maneh. Dheweke kanthi sabar njlentrehake bab apa sing sejatine wis dumadi. Kanthi alon waton klakon dheweke njlentrehake siji mbaka siji. Wiwit saka kaperluane supaya oleh dhuwit tambahan kanthi cara nyambi dadi guru les lan makelar. Rahina ngrerepa ing ngarepe Andarini kanthi nguntapake rasa katresnane marang dheweke lan anake. Anggone jungkir walik nyambut gawe mung kepengin ana kemajuwan ing panguripane mligine pengin duwe omah lan ora manggon terus ana ing omah kontrakan. Rahina uga njlentrehake yen sejatine tangga teparo kuwi mung kepengin ngunem lan nyebar warta sing ala ngenani dheweke. Dheweke ngakon Andarini supaya mangerteni jenenge urip neng

kutha gedhe apa maneh urip cedhak tangga kontrakan kudu kuwat ati. Andarini dipenging nggugu omongane tangga, amarga tangga kuwi ora ngerti sepira abot repote Rahina nyambut gawe kanggo nyukupi butuh. Tangga kuwi bisa-bisa dadi panggodha ing bale wismane, nanging sing penting kuwi kekarone bisa rukun nganti selawase.

2) Mapag

Mapag nduweni teges padha karo nyusul. Mapag nduweni teges nusul samubarang utawa pawongan. Mapag bojo yen kanggone wong purik ateges priya nusul wanita menyang omahe maratuwa. Ing cerbung *Omah* iki, paraga Rahina ngupaya kanggo mapag bojone kang lagi purik klawan dheweke. Andarini mulih menyang omahe wong tuwane ana ing ndesa amarga ora tahan karo panyakrabawane para tangga. Bab iku bisa kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“Kanthi dandan srat sret Rahina nyandhak kunci lawang. Karepe cekat ceket arep nyusul sisihane. Pepuntoning tekad yen pancen kudu disrengeni maratuwane bakal didhadhagi. Arepa kayangapa ndhisik Andarini wis dipasrahake dheweke, dadi saiki ala lan becike wis dadi tanggungjawab. Yen pancen kudu diundhamana perkara hubungane karo ibune Rahma, uga bakal dijelasake kanthi tuntas kareben kabeh klir, ora gong tinabuh selen.” (Basuki, 1996:8:38)

Pethikan mau nuduhake nalika Rahina arep nyusul Andarini menyang omahe mertuwane ing Munjungan. Rahina bubar maca layange Andarini kang ngandharake menawa dheweke bakal mulih ing Munjungan amarga ora betah karo tumindake Rahina kang diomonge para tangga teparo. Rahina kanthi srat-sret arep budhal nyusul bojone, tinimbang Rahina mikir sing ora-ora. Dheweke ngrasa kuciwa tumrap tumindak purike Andarini. Karepe Rahina Andarini dipenging ngguyu omongane tangga teparo sing pancen sengaja nggawe isu ala ngenani dheweke lan ibune Rahma. Rahina uga ora ngira yen kedadeyane malih kaya mangkono. Rahina uga wis nduwe tekad yen pancen anggone nyusul menyang ndesa bakal disrengeni dening maratuwane, bakal diadhepi kanthi legawa. Sebab dheweke wis ngrasa nduweni jejibahan lan tanggung jawab tumrap Andarini lan Dhenok. Banjur yen pancen anggone mapag bakal diundhamana dening maratuwane perkara hubungane karo ibune Rahma dheweke lila njentrehake nganti tuntas supaya ora ana salah paham.

3) Sadhar

Partap sadhar dhiri uga ana ing cerbung *Omah* iki. Patrap sadhar bisa dideleng saka tumindake Andarini yen ngakoni kaluputane marang Rahina. Dheweke uga kanthi andhap asor njaluk pangapura marang sisihane. Bab kuwi bisa kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“Apuranen aku ya Mas. Andarini ora bisa kumecap saliyane mung nangis ngguguk ing rangkulane Rahina.” (Basuki, 1996:10:39)

Pethikan mau njentrehake yen Andarini wis sadhar utawa eling. Dheweke ngrumangsani yen tumindake kuwi luput. Sawise dheweke oleh panjentrehan saka wong tuwane lan anggone dheweke

ngangen-angen mangsa kapungkure kang endah karo Rahina dheweke malih trenyuh. Pancen dheweke sing luput wis percaya karo omongane wong liya tinimbang percaya marang bojone dhewe sing sasuwene iki bebarengan nganti pitung taun. Pungkasane dheweke njaluk pangapura marang Rahina. Anggone dheweke njaluk pangapura karo sesenggukkan ing rangkulane Rahina. Dheweke uga ngrumangsani yen sejatine tumindake iki kaya bocah cilik. Wiwit saka mutung ora nggatekake Rahina, nguntapake kenepsone sing makantar-kantar nganti lunga kanthi nggawa anake ninggalake Rahina lan amung ditinggali layang mbaka sasuwek. Kejaba kuwi, dheweke ngrasa ora kepenak marang Rahina wis ndakwa Rahina nindakake lakon sing ora bener. Andarini nguntapake pangrasane marang Rahina yen dheweke uga pengin omah nanging ora kepengin omahe ilang, omah cekli sing ana ing ati.

Gegayutane Purik ing Cerbung Omah karo Kanyatan ing Bebrayan

Pawadane Purik ing Cerbung Omah lan Kanyatan ing Bebrayan

Babagan sepisan iki bakal ngandharake perkara pawadane purik ing kanyatan. Ing kanyatan bebrayan Jawa mligine ing panguripan bale wisma uga kerep wanita ngrasa lara ati klawan tumindake sisihane. Akeh pawarta-pawarta kang ana ing tipi, koran, majalah lan liya-liyane ngenanti patrap lara atine wanita klawan sisihane. Bab iku sing ndadekake wanita purik klawan bojone. Ing ngisor iki pethikan kang nggambarake wanita ana ing kanyatan kang ngarasa lara ati klawan tumindake sisihan kang sawiyah-wiyah marang dheweke.

“Seorang ibu saparuh baya curhat sambil terisak kepada seorang temannya, “Teh, aku tadi malam ga bisa tidur, kepalaku sakit benjol dijedotin sama suaminya, sakit hati ini Teh. Kayaknya aku siang nanti mau pulang dulu ke rumah ibuku sekalian mau silaturahmi udah lama ga berkunjung juga...”. “Sudah minta Izin suami belum?” tanya temannya. “Ah buat apa, pasti ga bakal diizinin. Lagian aku lagi males ketemu dia, bila perlu aku nginep 2-3 harian di sana...”,kata si ibu menjelaskan. (Mulatsih, 2012: 35: Tabloid Nova)

Terjemahan :

“Sawijine ibu wis lumayan tuwa curhat karo nangis marang sawijine kancane, “Yuk, aku mau bengi ora bisa turu jenak, sirahku lara aboh amarga diantemi karo bojoku, lara ati aku Yuk. Kayae awan mengko aku arep mulih dhisik menyang omahe ibuku arep silaturahmi pisan, amarga wis suwi ora sambang...”. “Kowe wis njaluk idine bojomu durung?” pitakone kancane. “Ah kanggo apa, mesthi ora bakal diidini. Apa maneh aku ya wis wegah ketemu dheweke, yen perlu aku nginep 2-3 dina ing kana...” jare si ibu njlentrehake.” (Mulatsih, 2012: 35: Tabloid Nova)

Pethikan mau nggambarake yen wanita ing kanyatan uga ana kang ngrasa dilarani dening tumindake sisihane. Sawijine wanita ing warta kasebut curhat marang kanca rakete yen bubar dipulasara dening bojone

dhewe. Kanthi nangis sesengukan dheweke crita yen awake lara kabeh nganti aboh kang njalari anggone turu ora bisa kepenak. Sisihane wanita kasebut wis tumindak degsiya marang dheweke kanthi ngantemi lan nglarani batine si wanita. Wanita mono pancen pawongan kang ringkih iku nyebabake gampang dilarani dening priya. Dheweke lara ati tumrap tumindake bojone. Wanita ing warta kuwi pungkasane mutusake bakal mulih menyang omahe wong tuwane senadyan ora diidini marang bojone. Bab iku jalaran wanita kasebut wis ora kuwat sesandhingan karo bojone kang mesthi nglarani dheweke kanthi tumindak degsiya.

Pawadan wanita purik saliyané amarga anane rasa butarepan. Ing kanyatan bebrayan uga ana kedadeyan kang kaya mangkono. Wanita kerep nuduhake patrap butarepan supaya sisihane ora ninggalake dheweke. Wanita kerep ndakwa priya karo dakwan sing ora-ora supaya butarepane kuwi ora konangan. Kaya ing pawarta iki, sawijine artis ngrasa butarepan marang bojone amarga bojone didakwa rabi maneh. Dheweke ora nrimakna dadi bojo kalorone. Pethikan ngisor iki, nggambarake kahanan kaya mangkono.

“Keinginan mengakhiri perkawinannya muncul setelah Lia cemburu dan menuding Mulyadi mempunyai perempuan lain. Lia juga menyebutkan suaminya menikah lagi. Dihubungi melalui telepon, Selasa (24/2), Lia mengaku sering kesal melihat tingkah Mulyadi yang kerap menipunya.” “Saya kesal. Wanita mana yang mau diduakan. Saya tahu dia (Mulyadi) belum cerai dengan mantan istrinya yang dulu. Lebih baik saya minggat,” kata Lia dengan suara bernada emosi.

“Saya nggak mau disebut rebut suami orang,” katanya. Lia ingin berpisah dari Mulyadi dan menggugat cerai ke pengadilan agama dalam waktu dekat. “Lebih baik saya yang ngalah daripada menyakiti perasaan perempuan lain,” ucap pedangdut kelahiran Lamongan, Jawa Timur, 24 April 1984, yang pernah menggawangi Trio Macan, 3 Macan hingga 5 Srigala itu.” (Tribunnews.com: 2015)

Terjemahan:

“Pepenginane mungkasi palakramane tuwuh sawise Lia butarepan lan ndakwa Mulyadi nduweni wadon liya. Lia uga ndakwa bojone rabi maneh. Dihubungi liwat telfon, Selasa (24/5), Lia ngakoni kerep anyel ndeleng tumindake Mulyadi sing kerep ngapusi dheweke. “Aku anyel, wanita ngendi sing gelem diwayuh. Aku weruh dheweke (Mulyadi) durung pegatan karo tipak bojone sing lawas. Luwih becik aku minggat.” Jare Lia kanthi swara emosi

“Aku ora gelem sinebut nggepek bojone wong liya,” tembungé. Lia pengin pisah saka Mulyadi lan crah ing pengadilan agama ing wektu-wektu iki. “Luwih becik aku ngalah tinimbang nglarani pangrasane wanita liya.” Jarene pedangdut kelairan Lamongan, Jawa Timur, 24 April 1984, kang nate dadi anggota Trio Macan, 3 Macan nganti 5 srigala kuwi.” (Tribunnews.com: 2015)

Pethikan mau nuduhake yen Lia butarepan klawan bojone amarga bojone wis duwe bojo simpenan. Dheweke anyel amarga tumindake sisihane sing asring ngapusi dheweke. Dheweke butarepan nalika weruh Mulyadi sejatine durung pegatan karo bojo sing lawas. Lia uga kepengin bisa pisahan karo Mulyadi amarga ora pengin diwayuh. Dheweke bakal lunga saka omahe Mulyadi, amarga wis kadhung butarepan klawan wanita idhaman liya bojone. Dheweke uga milih ngalah tinimbang nglarani pangrasane wanita liya supaya dheweke ora diarani wanita kang ngepek bojone liyan. Adedhasar pethikan mau uga nuduhake yen sejatine

Pranyata ing kanyatan uga akeh ditemoni wanita ngrasa kurang digatekake dening sisihane. Priya nduweni alesan sing akeh nalika ditakoni kena apa ora bisa menahi kawigaten marang dheweke. Salah sawijine warta ngenani bojone Joko Prasetyo yaiku Siti kang ngrasa Joko ora menahi kawigaten kaya sing biyen-biyen. Dheweke uga kerep diapusi yen anggone dheweke metu saka omah perkara ngurusi pakaryane. Ing ngisor iki pethikan kang nggambarake wanita ana ing kanyatan bebrayan nalika ora digatekake maneh.

“Menurut Siti Rubidah, selama ini ia tidak pernah menaruh curiga terhadap pria yang dinikahnya 17 tahun lalu, dan telah memberinya dua orang anak. Hingga akhirnya ia menaruh curiga, setelah menemui hal-hal yang ganjil, terkait kedekatan dengan wanita lain saat asyik menjawab *BBM* dan *twitter* dengan beberapa teman. Kecurigaan Siti Rubidah, saat Joko Prasetyo, mulai intens meninggalkan rumah sejak beberapa bulan lalu, dengan alasan, mengurus urusan pemerintahan kota Magelang. “Saya curiga pak, ketika saya membuka *BB*-nya saya menemukan perkakapan dengan wanita bernama Zahra dan melalui percakapannya saya mencium gelagat tidak enak. Sayapun buka semua HP suami dan saya tambah bingung, karena di beberapa bekas pembicaraan dengan nama kontak yang berbeda saya temukan panggilan-panggilan mesra dari beberapa perempuan kepada suami saya. Ada yang panggil papa, ayah, papi dari sini saya tidak tenang,” ujar Siti Rubidah dengan nada sedih.” (m.beritasatu.com: 2012).

Terjemahan:

“Miturut Siti Rubidah, sasuwene iki dheweke ora tau cubriya marang priya kang ngiket palakrama karo dheweke 17 taun kepungkur, lan wis menahi 2 anak. Nganti pungkasan dheweke cubriya, sawise nemoni bab-bab sing aeng gegayutan karo wanita liya nalika asik njawab *BBM* lan *twitter* karo saperangan kancane. Rasa cubriya Siti Rubidah tuwuh nalika Joko Prasetyo kerep ninggalake omah wiwit wulan-pamarentah kepungkur, kanthi alesan, ngurus perkara pamarentah kutha Magelang. “Aku cubriya Pak, nalika aku mbuka *BB*-ne, aku nemokake rerembungan karo wanita kanthi asma Zahra, lan lumantar pacelathone aku ngrasa lelakon sing ora bener. Aku uga mbuka sakabehe isine HP bojoku

lan aku saya bingung, amarga saka saperangan tilak pirembungan karo jeneng kontak sing beda, aku nemokake panggilan-panggilan *mesra* saka saperangan wadon marang bojoku. Ana sing nyeluk papa, ayah, papi saka kuwi atikku ora ayem,” jarene Siti Rubidah karo swara sedhik.” (Tribunnews.com: 2013)

Adedhasar pethikan mau nggambarake yen ora mung sajrone karya sastra wae wanita kang ngrasa kurang digatekake karo sisihane. Pranyata ing kanyatan uga ana patrap sing kaya mangkono. Yen dideleng saka warta kasebut Siti wis ngrasa kurang digatekake karo bojone amarga bojone duwe wadon liya. Sasuwene iki Siti ora tau cubriya marang bojone Joko kuwi. Nganti dheweke nemoni yen tumindake Joko malih beda, lan kerep dolanan *HP*. Saka lelakon kasebut Joko malih kerep metu lan arang manggon ana ing omah. Siti lan anak-anake ngrasa Joko wis kurang menahi kawigaten marang dheweke. Anggone kerep metu uga karo alasan sing ora jelas. Joko kerep ngapusi Siti yen anggone dheweke ninggalake omah kuwi perkara arep ngurusi pamarentahane kutha Magelang, kamangka dheweke arep nyambangi wanita idhaman liyane. Suwine suwi, Siti cubriya marang bojone kuwi. Sawise Siti mbuka *BB*-ne, dheweke nemokake rerembugane Joko karo wanita kanthi asma Zahra, lan lumantar pacelathone dheweke ngrasa lelakon sing ora bener. Dheweke uga mbuka sakabehe isine *HP* bojone lan dheweke saya bingung, amarga saka saperangan tilak pirembungan karo jeneng kontak sing beda, dheweke nemokake panggilan-panggilan *mesra* saka saperangan wadon marang bojone. Ana sing nyeluk papa, ayah, lan papi. Nalika kuwi ditakokake marang Joko kanthi langsung, Joko ora njawab kanthi blaka. Dheweke nutup-nutupi bebener banjur nesu lan ngina Siti. Mula sasuwene iki, Siti ngrasa kurang diwenehi kawigaten amarga ana wanita liya kang wis manggon ana ing atine Joko.

Cara Ngrampungake Purik ing Cerbung Omah lan Kanyatan ing Bebrayan

Perangan sing kaloro iki bakal dijlentrehake perkara cara ngrampungake wanita sing purik sajrone cerbung *Omah* lan cara ngrampungake wanita purik ing bebrayan. Babagan sepisan sing dirembug ngenani sisihan sing menahi pangerten marang pasangane supaya ora purik sing kerep ditindakake dening pawongan ing bebrayan. Ana sawijine artikel kang njlentrehake kepriye supaya wanita ora purik maneh. Sajrone artikel menahi panjlentrehan cara supaya mbenerake perkara kang wis kedaden, yaiku kanthi cara silih mangerteni lan blaka suta. Bab iku dikarepake problem kang kedaden bisa enggal rampung. Ing ngisor iki pethikan kang nuduhake cara sing dianggo supaya bisa nglremake wanita sing lagi purik.

“Tentunya untuk bisa menyelesaikan masalah, masing-masing pihak harus lebih dulu meredam emosinya. Cobalah berpikir positif. Akhirnya emosi kita pun teredam.” Nah, kalau emosi sudah redam, biasanya rasio akan jalan. Selain mau mendengarkan, suami-istri juga harus mau berbicara secara terbuka. “Ungkapkanlah semua

isi perasaannya. Jangan kejengkelan dipendam saja." Dengan demikian, si pasangan jadi memahami apa maunya suami/istri sehingga akhirnya jadi saling memahami tentang yang diinginkan masing-masing pihak." (Mulatsih, 2012: 35: Tabloid Nova)

Terjemahan :

Tamtune supaya bisa ngrampungake perkara, pihak siji lan sijine kudu luwih dhisik ngontrol emosi. Coba mikir kanthi positif. Pungkasane emosi kita bakal lerem. Yen emosi wis rada lerem, lumrahe pamikir bisa mlaku. Kejaba gelem ngrungokake, priya utawa wanita uga kudu gelem micara kanthi blaka. Micara kanthi blaka suta ngenani apa sing dirasakake. Aja nganti rasa jengkel, anyel dipendhem wae." Pungkasane, pasangan kasebut bisa mahami lan mangerteni apa sing dikarepake dening sisihane." (Mulatsih, 2012: 35: Tabloid Nova)

Pethikan mau njentrehake cara supaya sawijine perkara bisa dirampungake kanthi becik tanpa ngrugekake salah sawijine pihak. Ing artikel kuwi uga ngandharake yen kepengin perkarane rampung kudu ngleremake emosi dhisik. Banjur yen wis lerem nyoba mikir kanthi positif tumrap pasangane. Coba pawongan kasebut ngangen-angen mangsa-mangsa endah kang nate dirasakake karo pasangane. Bab iku menehi pambiyantu supaya pawongan kasebut bisa ayem lan tentrem pikire. Kejaba cara kuwi, uga ana cara ngrungokake pasangan nalika micara lan silih kebuka ngenani apa kang dirasakake lan apa kang dikarepake sasuwene iki. Supaya pasangan kasebut bisa mahami lan mangerteni maksud lan tujuwane sisihan. Mbuka pirembugan pancen cara sing trep kanggo ngrampungake perkara. Tanpa anane pirembugan perkara kang dumadi ora bisa rampung.

Cara mungkasi tumindak sing sabanjure yaiku kanthi cara mapag. Ing kanyatan bebrayan uga ana tumindak kaya kang wis diandharake mau. Sawijine bojo mapag sisihane nalika sisihane purik. Ing sawijine tabloid njlentrehake cara mungkasi purike wanita kanthi cara dipapag ing omah wong tuwane. Ing ngisor iki pethikan kang nuduhake kanyatane priya ing bebryan sing nyusul sisihane amarga purik.

"Soal dijemput-tidaknya istri yang purik, menurut Sukiat, juga sangat tergantung pada reaksi suami atas puriknya si istri. Jika si suami merasa menyesal atas kepergian istrinya. Ia merasa bersalah karena telah membuat istrinya tak betah di rumah. Nah, kalau ia merasa menyesal, tentunya ia akan menyusul istrinya. Tapi tentunya dengan perasaan yang tak enak pada mertua atau kakak iparnya." (Mulatsih, 2012: 35: Tabloid Nova)

Terjemahan :

"Perkara dipapag utawa orane sisihan sing lagi purik, miturut Sukiat, gumantung saka reaksi bojo tumrap purike sisihane. Yen si bojo ngrasa gela tumrap lungane garwane. Dheweke ngrasa luput amarga wis nggawe sisihane ora betah ing omah. Nah, yen dheweke ngrasa gela, tamtune

dheweke bakal mapag sisihane, nanging tamtu kanthi pangrasa sing ora kepenak marang maratuwa utawa dulur ipene." (Mulatsih, 2012: 35: Tabloid Nova)

Pethikan mau nuduhake yen wanita purik ing kanyatan uga kudu dipapag menyang omahe wong tuwane. Miturute Sukiat narasumber ing tabloid kuwi ngandharake yen perkara wanita purik banjur dipapag utawa ora, kabeh gumantung saka reaksi priya. Nanging kepriyea wae priya sing luput kang nyebabake wanita bisa ninggalake omah. Nalika bojo ngrasa gela lan ngrasa nyesel tumrap lungane sisihan mesthi dheweke bakal nyusul sisihane menyang omahe maratuwa kanggo ngapiki sesambungane klawan sisihan. Suwalike yen bojo ngrasa bab purike wanita ora merga dheweke kaya apa wae priya kasebut ora bakal nusul. Iku amarga priya kasebut ora preduli maneh karo sisihane. Anggone priya mapag menyang omahe maratuwa kudu kanthi pamikiran sing mateng. Priya kudu bisa nampa yen bakale disrengeni dening maratuwa utawa dinesoni dening dulur ipene dhewe. Iku kabeh kudu ditrima lan ditampa kanthi lila legawa tanpa ngrasa anyel. Yen priya wis ngupaya supaya nusul sisihane, wanita kasebut gelem ora gelem kudu melu bojone, tanpa nulak pangajake.

Cara ngrampungake perkara purik sing pungkasan yaiku sadhar utawa eling. Ing bebrayan uga ana pawongan sing kaya mangkono. Sawijine ariwanti ngemot warta kang njlentrehake pawongan kang gela tumrap tumindake. Pawongan kasebut gelem njaluk pangapura marang wong kang wis dilarani atine. Pawongan kasebut uga kepengin bisa nyametake bale wismane kanggo anak-anake. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake lumantar pethikan ing ngisor iki.

"Iya saya sudah cabut laporan saya di polisi. Karena ia sudah datang ke saya meminta maaf, dan menangis nangis di depanku," kata Andi Herlina. Belakangan Andi Herlina justru mencabut laporannya, setelah Imran Ramli datang mengiba dan meminta maaf sambil menangis." (Tribunnews.com: 2013)

Terjemahan:

"Iya aku wis nyabut laporanku ing polisi. Amarga dheweke wis teka marang aku njaluk pangapura lan nangis sesengukan ing ngarepku," tembunge Andi Herlina. Wektu-wektu iki Andi Herlina malah nyabut laporane, sawise Imran Ramli teka ngrerepa lan njaluk pangapuran sinambi nangis." (Tribunnews.com: 2013)

Pethikan mau menehi bukti yen bojone Andi Herlina yaiku Imran sadhar tumrap tumindake sing ora becik. Dheweke njaluk pangapura marang Andi. Imran ngupaya mara menyang omahe wongtuwa Andi supaya oleh pangapurane Andi. Anggone Imran njaluk pangapura amarga wis mulasara bojone dhewe lan rabi karo wadon liya tanpa weruhe bojo sahe. Sinambi nangis sesenggukan, Imran uga ngrerepa supaya Andi nyepura lan bali menyang omahe maneh. Carane Imran sing njaluk pangapura marang Andi ndadekake Andi malih lilih. Dheweke lila nyabut laporane menyang polisi. Iku dianggo supaya Imran ora kena ukuman negara. Bab

kuwi menehi bukti yen Andi isih tresna marang Imran senadyan Imran nate nglarani batine Andi. Kadhang kala wanita pancen nduweni rasa ora tega, ora mentala, luwih-luwih karo pawongan kang ditresnani. Senadyan pawongan kasebut nate nglarani utawa tau tumindak ala marang wanita, dheweke bakal lilih yen pawongan kasebut ngrumangsani luput lan gelem njaluk pangapura.

PANUTUP

Dudutan

Ing babagan sadurunge wis kaandharake perangan ngenani isi saka cerbung *Omah* lan perkara kang diteliti. Saka asile andharan kang gegayutan karo perkara bale wisma kang njalari purike wanita sajrone cerbung *Omah* anggitané Widodo Basuki kanthi titingan sosiologi sastra bisa didudut telung perangan.

Asil analisis ngenani paraga lan pamaragan sajrone crita ing cerbung *Omah* kanthi pamarekan struktural kang tujuwane menahi pambiyantu titingan sosiologi sastra. Saka analisis kasebut bisa dideleng yen sajrone cerbung kasebut kang dadi paraga utamane yaiku Rahina, Andarini lan Suryarini, dene paraga liyane minangka paraga tambahan kang nyengkuyung alure crita. Sajrone panliten iki luwih nengenake marang paraga lan pamaragan amarga paraga-paraga kuwi sing bisa nglakokake reroncene crita. Kejaba kuwi, saka paraga uga, bisa njalari tuwuhe konflik sajrone crita cerbung *Omah* kang ndadekake critane saya urip. Anggone pangripta nggambarake paraga lan pamaragan nggunakake rong teknik ing antarane teknik analitik (langsung) lan teknik dramatik (ora langsung).

Asil analisis gegambarane purik crita sajrone cerbung *Omah*. Gegambarane purik iki diperang dadi telu ing antarane; 1) wujud purik; 2) pawadane tumindak purik; lan 3) cara ngrampungake perkara purik. Ing kene wujud purike wanita ngandharake ngenani kahanane wanita nalika dheweke lunga saka omah. Bab iki bisa diperang dadi loro ing antarane lunga mung ninggal pesen lan lunga nggawa anak. Banjur babagan pawadane tumindak purik ngrembug ngenani alasan-alasan kena apa wanita bisa purik. Bab alasan-alasan kuwi diperang dadi telu ing antarane wanita kang butarepan, wanita ngrasa kurang diwenahi kawigaten, wanita kang lara ati klawan tumindake bojo. Saka pawadan-pawadan tumindak purik kuwi bisa nuwuhake rasa mutunge wanita, nesu lan sengol. Perangan sabanjure ngenani cara ngrampungake perkara purik kang ngandharake yen sejatine perkara purik kuwi bisa dirampungake kanthi cara apik-apikan. Cara ngrampungake ing antarane kanthi cara diwenahi pangerten dening sisihane, mapag menyang omahe maratuwa lan sadhar dhiri saka pihak wanita.

Asil analisis ngenani gegayutan purik ing cerbung *Omah* lan kanyatan ing bebrayan ana loro. Bab iki bisa dideleng saka 1) pawadane purik sajrone cerbung *Omah* lan kanyatan ing bebrayan; 2) cara ngrampungake purik sajrone cerbung *Omah* lan kanyatan ing bebrayan. Pranyata purik sajrone cerbung *Omah* lan sing ana ing kanyatan bebrayan nduweni bab sing padha saka perangan pawadane wanita kang nindakake purik ing antarane yaiku perkara wanita kang butarepan, lara ati lan

ngrasa kurang kawigaten. Yen diwawas saka cara ngrampungake perkara purik uga memper ing antarane perkara bojo kang menahi pangerten, mapag lan sadhar dhiri. Tumindak purik sajrone cerbung *Omah* iki dikarepake bisa menahi gambaran tumrap para pasangan bebojan kang ana ing bebrayan.

Tumindak purik kang ditindakake dening Andarini ing cerbung *Omah* minangka kaca benggala kadadeyan ing urip satemene. Dadi, ora bisa mokal maneh yen sejatine ing karya sastra pancen ana lan tuwuh jalaran anane kadadeyan kang nyata karo bebrayan sakupenge. Bab iki bisa disebabake amarga ing jaman saiki akeh wanita kang egone dhuwur lan kepengin dingerteni nanging durung mesthi bisa ngerteni wong liya.

Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten sing isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Titingan sosiologi sastra sing digunakake kanggo nemokake tumindak purike wanita sajrone cerbung *Omah* anggitané Widodo Basuki luwih nggayutake tumrap maneka fenomena sosial sing ana sajrone bebrayan. Panliten ngenani purik isih prelu ditindakake kanggo ngerteni pangrembakane perkara sosial sajrone reriptan sastra mligine sastra Jawa modern.

Panliten bab tumindak purik sajrone genre sastra mligine sastra Jawa modern isih prelu ditindakake kanggo ngerteni maneka crita ngenani perkara kang ana ing panguripan bale wisma kang ana sajrone jinis-jinise genre sastra. Purik sajrone cerbung bisa ditindakake kanggo ngerteni alasan-alasan kang ndadekake wanita purik sarta cara ngrampungake perkara purik. Panliten ngenani purik iki bisa kanggo ngerteni tanggepane masyarakat tumrap tumindake wanita kang kerep purik kanggo ngrampungake perkara bale wismane ing bebrayan. Asile panliten iki bisa didadekake bahan rujukan sajrone pasinaon sastra mligine sastra Jawa ing perguruan tinggi, dene sajrone sekolahan, tumindak purik dirasa kurang pas kanggo didadekake bahan pasinaon. Tumrap pamaos, asile panliten iki kaajab bisa digunakake minangka sarana kanggo njembarake kawruh ngenani purik sajrone cerbung kanthi titingan sosiologi sastra sarta luwih nggampangake ngerteni makna lan isi sajrone cerbung.

KAPUSTAKAN

- Al-Hayali, Kamil. 2005. *Solusi Islam Dalam Konflik Rumah Tangga*. Jakarta : PT Rajagrafindo Persada.
- Aminuddin. 2002. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru.
- Arianti, Suci. 2011. *Gonjang-Ganjinge Bale Wisma sajrone Cerbung Poyang-Paying anggitané Mbah Brintik (Titingan Struktural Genetik)* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya : PBD FBS Unesa.
- Arikunto, Suharsimi. 1996. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Basuki, Widodo. 1996. *Omah*. Surabaya : Jayabaya.
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai*

- Pengantar Ringkas. Jakarta: Departemen Pendidikan & Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Widayatama
- _____. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Faruk. 2012. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Goode, William J. 1991. *Sosiologi Keluarga*. Jakarta: Bumi aksara.
- Hutomo, Saripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Ihromi, T.O. 2004. *Bunga Rampai Sosiologi Keluarga*. Jakarta : Yayasan Obor Indonesia.
- Junus, Umar. 1986. *Sosiologi Sastra Persoalan Teori dan Metode*. Kuala Lumpur : Dewan Bahasa dan Pustaka.
- Kasmiasi, Siti. 2006. *Konflik Keluarga dalam Cerbung Sisip Dalam Sidhatan Karya Harwimuka (Kajian Sosiologi Sastra)* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya : PBD FBS Unesa.
- Kertamuda, Fatchiah E. 2009. *Konseling Pernikahan untuk Keluarga Indonesia*. Jakarta : Salemba.
- Kurniawan, Heru. 2012. *Teori, Metode, dan Aplikasi Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : Graha Ilmu.
- Najid, Moh. 2003. *Apresiasi Prosa Fiksi dan Drama (Sebuah Perbincangan)*. Surabaya : Jara Nadiyah Azzala.
- Novendra, dkk. 2000. *Peran Serta Ibu Rumah Tangga dalam Pengembangan Kebudayaan Tradisional di Daerah Riau*. Tanjung Pinang : Balai Pustaka Sejarah dan Nilai Tradisional.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: GadjahMada University Press.
- Poerwadarminto, W.J.S. 1939. *Baosastra Djawa*. Batavia : J.B Wolters' Uitgevers- Maatschappij.
- Pradopo, Rachmat Djoko, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- _____, dkk. 2003. *Prinsip-prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Rachmatullah, Asep. 2011. *Filsafat Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta : Siasat Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2011. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Jakarta : Pustaka Pelajar.
- Santoso, Wijaya Heru. 2010. *Pengantar Apresiasi Prosa*. Surakarta : Yuma Pressindo.
- Sarwana, Surlita Wirama. 1991. *Apa dan Bagaimana Mengatasi Problem Keluarga*. Jakarta : Pustaka Artana.
- Soekanto, Soerjono. 1994. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- _____. 2004. *Sosiologi Keluarga*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Sudarmanto. 2008. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Semarang : Widya Karya
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D)*. Bandung : Alfabeta.
- Sukada, Made. 1993. *Pembinaan Kritik Sastra Indonesia Masalah Sistematis Analisis Struktur Fiksi*. Bandung : Angkasa.
- Sunarto, Kamanto. 2011. *Sosiologi The Basics*. Jakarta : PT. Raja Grafindo Persada.
- Sunarto. 2001. *Metodologi Penelitian Ilmu Sosial dan Pendidikan*. Surabaya : UNESA Press.
- Surachmad. 1985. *Pengantar Penelitian Dasar: Metode dan Teknik*. Bandung : Tarsita.
- Susilawati, Dani. 2011. *Dredahing Urip sajrone Cerbung Wot Ogal-Agil anggitane Imam Hidayat* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya : PBD FBS Unesa.
- Teuww, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.
- Wellek, Rene lan Werren, Austin. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Sumber Internet:
- Bintang, Suquaa. 2014. *Masalah Istri Kabur*, (online), (<http://suqabintang.blogspot.com/2014/08/html>, diakses 16 Maret 2015).
- Erizt. 2012. *Istilah Dalam Bahasa Jawa "PURIK" Kui Opo To Artine?*, (online), (<http://www.google.co.id/tanya/thread?tid=5ec1e7bfb95b63fd>, diakses 16 Maret 2015)
- Faith, Nathan. 2011. *Problematika Keluarga Dalam Terang*, (online), (<http://nathanfaith.blogspot.com/2011/09/html>, diakses 17 Maret 2015)
- Mulatsih, Indah. 2012. *Bila Iatri Kabur Dari Rumah 1 dan 2*, (online), (<http://m.tabloidnova.com/Nova/Keluarga/Pasangan/html>, diakses 16 Maret 2015)
- Murni. 2011. *Batas-batas Hak Suami dalam Rumah Tangga*, (online), (<http://asli-murni.blogspot.com/2011/12/html>, diakses 16 Maret 2015)
- Rahmawati, Yustie Ida. 2015. *Mengapa Perkawinan Jaman Dulu Awet? Ini Rahasiannya!*, (Online), (<http://m.kompasiana.com/post/read/716950/1.html>, diakses 17 Maret 2015)
- Segar. 2013. *Definisi Permasalahan dan Solusi Dalam Keluarga*, (online), (<http://tulisansegar.blogspot.com/2013/10/html>, diakses 17 Maret 2015)
- Zahro, Azizah. 2014. *Makalah Problem didalam Keluarga Konseling Keluarga*, (online), (<https://azizahzahro96.wordpress.com/2014/05/02/html>, diakses 17 Maret 2015)